

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta analisis data anu ngawengku téknik analisis data jeung uji sipat data.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta rarancang anu rék dilakukeun ku panalungtik dina prosés panalungtikan (Arikunto, 2013 kc. 90). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif ku sabab data panalungtikan mangrupa angka-angka sarta analisisna ngagunakeun statistik. Anapon métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimén.

Nurutkeun Arikunto (2013 kc. 123), desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nyaéta 1) *one shot case study*; 2) *pre-test and post-test*; 3) *static group comparison*. Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Panalungtikan dimimitian ku cara ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun model *Scramble*. Satuluyana, siswa dibéré *treatment* ku cara dilarapkeunna modél *Scramble* dina pangajaran aksara Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda. Sanggeus kitu, siswa dibéré deui soal pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble* sarta pikeun maluruh aya henteuna karonjatan kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda. Sangkan leuwih jéntré, desain dina ieu panalungtikan bisa dititén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1  
Desain Panalungtikan

O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

(Arikunto, 2013 kc. 124)

Keterangan:

O<sub>1</sub>= kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *Scramble*

X = pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *Scramble*

O<sub>2</sub>= kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*

### 3.2 Sumber Data


Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMP Miftahul Iman Bandung anu perenahna di Jl. Dr. Setiabudi No. 179/171A, Isola, Kec. Sukasari, Kota Bandung. Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 anu jumlahna 20 siswa. Data dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. Sangkan leuwih jéntré, sumber data panalungtikan bisa dititén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2  
Data Siswa SMP Miftahul Iman Bandung

Kelas	Wanda Boga	Jumlah
VII	Lalaki	11
	Awéwé	9
<b>Jumlah</b>		20

### 3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan. Pamarekan anu digunakeun nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén sarta maké desain *pre-test and post-test*. Sangkan leuwih jéntré, prosedur panalungtikan bisa dititén dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1  
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan prosedur panalungtikan di luhur, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

a. Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda

Dina ieu tahap, panalungtik ngayakeun wawancara ka guru basa Sunda di sakola anu baris diayakeun panalungtikan nyaéta di SMP Miftahul Iman Bandung ngeunaan masalah anu karandapan ku siswa dina pangajaran aksara Sunda. Kapaluruh yén masalah anu karandapan dina pangajaran aksara Sunda di SMP Miftahul Iman Bandung nyaéta siswa can bisa ngabédakeun aksara–aksara dasar boh aksara ngalagena boh aksara swara, siswa sok salah ngagunakeun jeung nempatkeun rarangkén, siswa loba nu teu merhatikeun dipakéna gurat ajeg dina nulis angka, sarta dina nulis rarangkén, sok saukuran jeung aksara dasar.

b. Ngarumuskeun Masalah

Sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung. Éta masalah dirumuskeun jadi sababaraha kalimah pananya anu kudu dibuktikeun bebeneranana ku cara panalungtikan.

c. Nangtukeun Raraga Tiori

Dina ieu tahap, panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sanggeus nangtukeun tiori, satuluyna panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis mangrupa jawaban anu sipatna saheulaanan tina masalah anu dirumuskeun. Ieu jawaban téh bakal kabukti ngaliwatan data anu dikumpulkeun.

e. Ngarumuskeun Instrumén

Dina ieu tahap, panalungtik ngarumuskeun instrumén anu digunakeun dina panalungtikan. Instrumén anu dipaké mangrupa soal pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.

#### f. Ngumpulkeun Data

Dina ieu tahap, panalungtik ngumpulkeun data luyu jeung nu geus disusun dina desain panalungtikan. Aya tilu léngkah anu bakal dilaksanakeun dina ieu tahap nyaéta saperti ieu di handap.

##### 1) Ngukur Kamampuh Nulis Aksara Sunda Saméméh Ngagunakeun Modél *Scramble*

Ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *Scramble* dilaksanakeun saméméh lawungan pangajaran aksara Sunda. Soal pikeun ngukur kamampuh saméméh ngagunaken modél *Scramble* luyu jeung nu geus disusun dina instrumén panalungtikan. Léngkah migawé soal, siswa nyalin sapuluh kecap aksara latén kana aksara Sunda. Sabada kitu, siswa ngumpulkeun éta jawaban pikeun dipeunteun sarta dianalisis.

##### 2) Ngagunakeun Modél *Scramble* dina Pangajaran Aksara Sunda

Dina waktu pangajaran, siswa diajar matéri aksara Sunda kalawan maké modél *Scramble*. Di jero kelas, geus disiapkeun kartu soal sarta kartu jawabanna anu geus diacak saméméhna. Satuluyna, panalungtik ngadadarkeun matéri ngeunaan wangun jeung kaidah nulis aksara Sunda. Sanggeus kitu, siswa dibagi kana sababaraha kelompok pikeun ngeusian soal anu geus disadiakeun jawabanna kalawan acak. Kelompok anu ngumpulkeun jawabanna tiheula sarta ngajawab kalawan bener baris diapresiasi.

##### 3) Ngukur Kamampuh Nulis Aksara Sunda Sanggeus Ngagunakeun Modél *Scramble*

Soal nu dipaké pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble* sarua jeung soal anu dipaké pikeun ngukur kamampuh nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *Scramble*.

#### g. Analisis Data

Hasil tina pengukuran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble* dibandingkeun pikeun maluruh aya henteuna béda anu signifikan. Nganalisis data dilakukeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan *SPSS versi 20*.

#### h. Nyieun Laporan Panalungtikan

Sabada ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik nyieun laporan panalungtikan dina wangun skripsi.

### 3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun téknik tés. Téknik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.

Aya sababaraha léngkah pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda saméméh ngagunakeun modél *Scramble*.
- b. Ngalaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél *Scramble*.
- c. Ngukur kamampuh siswa dina nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203), instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanna leuwih gampang tur hasilna leuwih hadé sangkan data leuwih gampang diolahna. Minangka alat pikeun ngumpulkeun data, instrumén dibagi jadi sababaraha rupa. Sakumaha anu diébréhkeun ku Arikunto (2013, kc. 193-201) yén instrumén panalungtikan dibagi jadi genep rupa nyaéta tés, angkét atawa kuisisionér, *interview* atawa wawancara, obsérvasi, *skala bertingkat (rating)*, jeung dokuméntasi.

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén panalungtikan anu mangrupa tés. Tés anu digunakeun mangrupa tés tulis. Nurutkeun Kuswari (2010, kc. 130), aya sababaraha tés tulis anu bisa digunakeun pikeun nyieun soal, nyaéta 1) tés uraian atawa ngalengkepan anu ngawengku tés ngalengkepan terikat jeung tés ngalengkepan bébas, sarta 2) tés objéktif anu ngawengku data soal bener atawa salah, pilihan ganda, isian singkat, jeung ngajodohkeun. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa tés ngalengkepan terikat. Dina ieu tés aya sapuluh soal

alih aksara wangun kecap tina aksara latén kana aksara Sunda anu ngawengku aksara ngalagena, aksara swara, rarangkén, jeung angka.

Sangkan dina prosés nyusun instrumén téh gampang, kudu digunakeun matrik kamekaran instrumén atawa kisi-kisi instrumén (Arikunto, 2013 kc. 103). Anapon kisi-kisi soal minangka instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

Tabél 3.3  
Kisi-kisi Soal

<i>Kompetensi Dasar (KD)</i>				
<i>4.8 Menyusun dan menyajikan teks aksara Sunda dengan memperhatikan ketepatan bentuk dan kaidah penulisannya.</i>				
<i>No.</i>	<i>Materi</i>	<i>Indikator Soal</i>	<i>Level Kognitif</i>	<i>Jumlah Soal</i>
<i>1.</i>	<i>Aksara Ngalagena, Aksara Swara, Rarangkén</i>	<i>Disajikan sebuah kata dalam huruf latin, peserta didik dapat menyusun kembali kata tersebut ke dalam aksara Sunda.</i>	<i>C6</i>	<i>8</i>
<i>2.</i>	<i>Angka</i>	<i>Disajikan bilangan dalam huruf latin, peserta didik dapat menyusun kembali bilangan tersebut ke dalam aksara Sunda.</i>	<i>C6</i>	<i>2</i>

Satuluyna éta kisi-kisi nu geus disusun téh dirobah kana wangun lembar soal minangka instrumén tés. Anapon lembar tés nu dijieun téh digunakeun dina ngukur kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. nyaéta saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3.4  
Instrumén Panalungtikan

TÉS AKSARA SUNDA	
Wasta	:
Kelas	:
No. Absén	:
<b>Salin ieu kecap-kecap jeung angka di handap kana aksara Sunda!</b>	
1. aseupan	=
2. nyiru	=
3. coét	=
4. sééng	=
5. pangarih	=
6. ayakan	=
7. kastrol	=
8. siwur	=
9. 1.945	=
10. 8250	=

### 3.6 Analisis Data

Dina bagian analisis data dipedar téknik analisis data jeung uji sipat data nyaéta uji normalitas, sarta uji hipotésis.

#### 3.6.1 Téknik Analisis Data

Data anu baris dianalisis dina ieu panalungtikan ngawengku data hasil kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung data hasil kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *scramble*. Dina ngolah data aya sababaraha léngkah anu kudu dipilampah, nyaéta saperti ieu di handap.

- Mariksa hasil kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung hasil kamampuh nulis aksara Sunda sanggeus ngagunakeun modél *Scramble* kalawan ngagunakeun format peunteun anu sarua saperti tabél ieu di handap.

Tabél 3.5  
Format Peunteun Nulis Aksara Sunda

No.	Soal	Aspék anu Dipeunteun					$\Sigma_{\text{maks}}$
		Ngalagena	Swara	Rarangkén	angka	Proporsi Tulisan	
1.	aseupan	3	1	2	-	3	9
2.	nyiru	2	-	2	-	3	7
3.	coét	2	1	2	-	3	8
4.	sééng	1	1	2	-	3	7
5.	pangarih	3	-	2	-	3	8
6.	ayakan	3	1	1	-	3	8
7.	kastrol	4	-	4	-	3	11
8.	siwur	2	-	3	-	3	8
9.	1945	-	-	-	4	3	7
10.	8250	-	-	-	4	3	7
$\Sigma_{\text{maks}}$		20	4	18	8	30	80

Skor anu kahontal ku siswa dikategorikeun dumasar tabél katégori skor ieu di handap.

Tabél 3.6  
Katégori Skor unggal Aspék nu Dipeunteun

Aspék nu Dipeunteun	Skor	Katégori
Ngalagena	14-20	Hadé
	7-13	Sedeng
	0-6	Kurang
Swara	3-4	Hadé
	2	Sedeng
	0-1	Kurang
Rarangkén	13-18	Hadé
	6-12	Sedeng
	0-5	Kurang
Angka	6-8	Hadé
	3-5	Sedeng
	0-2	Kurang
Proporsi tulisan	21-30	Hadé
	11-20	Sedeng
	0-10	Kurang

- b. Méré peunteun kana hasil tés kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. Skor anu kahontal dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor anu kahontal}}{\Sigma \text{ skor maksimal (80)}} \times 100$$



Tabél 3.7  
Kategori Peunteun Dumasar KKM

Peunteun	Kategori
$\geq 70$	Mampuh
$< 70$	Can Mampuh

c. Ngasupkeun peunteun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.8  
Tabulasi Data Kamampuh Nulis Aksara Sunda

KS	Aspek nu Dipeunteun					$\Sigma$	P	Kategori
	A	B	C	D	E			
Rata-rata								

Keterangan:

KS: Kode Siswa

A: Ngalagena

B: Swara

C: Rarangkén

D: Proporsi Tulisan

$\Sigma$ : Jumlah

P: Peunteun

d. Ngabandingkeun data kamampuh nulis aksara Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*. Hasil kamampuh nulis aksara Sunda siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.9  
Kamampuh Nulis Aksara Sunda Saméméh jeung Sanggeus Ngagunakeun Modél *Scramble*

	Aspék nu Dipeunteun Saméméh					$\Sigma$	$\Sigma P^1$	Aspék nu Dipeunteun Sanggeus					$\Sigma$	$\Sigma P^2$
	A	B	C	D	E			A	B	C	D	E		
$\Sigma$														
$\bar{X}$														

Keterangan:

A= Aksara Ngalagena

B= Aksara Swaral

C= Rarangkén

D= Angka

E= Proporsi Tulisan

$\Sigma$ = Jumlah

$\bar{X}$ = Rata-rata

$\Sigma P^1$ = Peunteun tés saméméh ngagunakeun modél *Scramble*

$\Sigma P^2$ = Peunteun tés sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*

### 3.6.2 Uji Sipat Data

Dina uji sipat data dilakukeun ku cara uji normalitas jeung uji hipotésis. Data dina ieu panalungtikan baris diolah jeung dianalisis ngagunakeun program *SPSS versi 20*.

#### 3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas data dilakukeun pikeun mikanyaho normal henteuna ditribusi data dina variabel panalungtikan. Anapon data anu alus pikeun digunakeun dina panalungtikan nyaéta data anu distribusina normal.

Pikeun mikanyaho normal atawa teu normalna data bisa ngagunakeun sababaraha métode salasihijina nyaéta ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk*. Uji *Shaphiro-Wilk* cocog digunakeun pikeun nguji normalitas data anu jumlahna kurang ti 50. Éta hal luyu jeung pamadegan *Saphiro* jeung *Wilk* (dina Oktaviani M A & Hari Basuki Notobroto, 2014, kc. 128) yén uji *Saphiro Wilk* umumna digunakeun kawatesanan pikeun sampel anu kurang ti 50 sangkan hasil kaputusanna akurat.

Anapon pikeun nangtukeun kaputusan hasil uji normalitas data dina panalungtikan nyaéta ngagunakeun dasar saperti ieu di handap.

$H_0$ = distribusi data normal

$H_1$ = distribusi data teu normal

Uji normalitas ngagunakeun uji *Saphiro-Wilk* miboga taraf signifikan 95% ( $\alpha=0,05$ ). Anapon nu jadi dasar pikeun nangtukeun kaputusanna saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima atawa  $H_1$  ditolak, upama nilai sig. (signifikansi)  $> 0,05$

$H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak, upama nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$

### 3.6.2.2 Uji Hipotésis

Pikeun nangtukeun hipotésis bisa dilakukeun ku dua cara. Upama distribusi datana miboga sifat teu normal mangka uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistik non paramétrik nyaéta ku cara uji Wilcoxon. Upama distribusi datana miboga sipat normal mangka uji hipotésis dilakukeun ku cara ngagunakeun statistik paramétrik nyaéta ku cara uji *Paired Sample T-test*.

Uji hipotésis dina ieu panalungtikan dilakukeun ku cara ngagunakeun uji *Paired Sample T-test* program *SPSS Versi 20* kalawan acuan nu dijadikeun dasar kaputusan nyaéta signifikansi (sig.). Anapon nu kudu dilakukeun saméméh ngagunakeun uji *Paired Sample T-test* program *SPSS Versi 20* nyaéta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

- a. Hipotesis nol ( $H_0$ ) = teu aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.
- b. Hipotésis alternatif ( $H_1$ ) = aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda siswa kelas VII SMP Miftahul Iman Bandung taun ajar 2021/2022 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Scramble*.

Dumasar kana éta hipotésis, dasar pikeun nangtukeun kaputusan saperti ieu di handap.

$H_0$  ditarima atawa  $H_1$  ditolak , upama nilai sig. (signifikansi)  $> 0,05$

$H_1$  ditarima atawa  $H_0$  ditolak , upama nilai sig. (signifikansi)  $< 0,05$